

# Sèvis OTA yo



Biwo Asistans Teknik la (OTA) se yon ajans ki pa reglemantè ki bay asistans teknik anviwònmantal **gratis, konfidansyèl** pou biznis Massachusetts yo. Sèvis nou yo fèt pou ede biznis yo konprann règleman yo epi rezoud pwoblèm konfòmite yo, diminye itilizasyon sibstans toksik yo, epi evolye nan direksyon pratik fabrikasyon ki pi dirab. Depi 1990, nou ede plizyè milye etablisman Massachusetts elimine plizyè milyon liv pwodui chimik toksik pandan n ap ekonomize plizyè milyon dola nan depans pou eksplwatasyon.

## Vizit Sit OTA

Byenke OTA ka bay asistans konfidansyèl pa imèl, telefòn, oswa videoyo konferans, souvan pi bon fason pou satisfè bezwen inik yon etablisman se nan yon vizit sit.

Vizit sit **OTA yo konplètman gratis epi konfidansyèl**.

Pandan yon vizit sou sit la, founisè sèvis teknik OTA yo pral rankontre ak ekip ou a pou ranseye yo sou enkyetid ak priyore ou yo, answit vizite etablisman w lan pou wè operasyon ou yo an aksyon. Yon vizit nòmal dire 2–3 èdtan. Ou ka envite OTA pou evalye opòtinite jeneral etablisman w lan pou rediksyon itilizasyon sibstans toksik oswa konsèvasyon resous (enèji / dlo), oswa pou konsantre etwatman sou yon sijè oswa pwosesis espesifik.



Mande yon vizit .. .

Apre yon vizit sou sit la, anplwaye OTA yo prepare rekòmandasyon ki adapte a priyore ak reyalite etablisman w lan, epi yo ka konsilte w tou sou aplikasyon rediksyon itilizasyon sibstans toksik yo ak estrateji konsèvasyon resous yo.

## Enpak Nou



Li etid  
ka OTA yo

Ou enterese a ranseye w plis sou fason etablisman w lan ta ka benefisyè sèvis OTA yo? Vizite bibliyotèk etid ka nou an sou siksè biznis yo nan zafè anviwònman pou ranseye w sou fason konpayi Massachusetts yo te reyalize rediksyon itilizasyon sibstans toksik yo, konsèvasyon dlo ak enèji, epi fè ekonomi gras a èd founisè asistans teknik nou yo.

# Domèn ekspètiz

## Rediksyon Itilizasyon sibstans Toksik

Identifikasiyon pwodui ak pwodui chimik ki respekte anviwònman an • Identifikasiyon sous toksin yo pa ka kapte tankou PFAS • Revizyon operasyon ak antretyen izin yo pou amelyore sante ak sekirite travayè yo • Amelyore efikasite operasyonèl • Diminye pwodiksyon ak devèsman dlo ize •

## Asistans Konfòmite

Emisyon lè • Itilizasyon pwodui chimik • Jesyon dechè danjere • Egzijans nan zafè planifikasyon ijans • Jesyon dlo ize ak dlo lapli • Egzijans konsèvasyon dosye

## Edikasyon ak Fòmasyon

Evènman sou rediksyon itilizasyon sibstans toksik ak konsèvasyon resous • Fòmasyon sou sekirite chimik ak chanjman klimatik • Edikasyon ak patenarya pou fè pwogrese jistics anviwònmantal • Piblikasyon sou kontaminan emèjan, chanjman nan lwa, ak rediksyon itilizasyon sibstans toksik ak istwa siksè nan zafè konsèvasyon resous

## Konsèvasyon Enèji

Identifye ak evalye opòtinite pou itilize elektriske, gaz, ak lwil yon fason ki pi efikas • Egzamine bòdwo enèji yon etablisman pou idantifye opòtinite pou konsèvè enèji ak diminye depans • Fasilite pwojè enèji renouvlab nan bay enfòmasyon sou teknoloji, aplikasyon ki reyisi, finansman, ankourajman finansye, ak seleksyon sit •

Identifye opòtinite pou chalè ak enèji konbine, amelyorasyon ekleraj, jesyon chaj ak estrateji repons a demann lan •

Ogmantasyon konpreyansyon sou estrateji konstriksyon ekolojik

## Konsèvasyon Dlo

Konsèvasyon dlo nan operasyon fabrikasyon & operasyon ki pa fabrikasyon

• Diminye devèsman dlo ize •

Rekiperasyon ak reutilizasyon dlo •

Teknoloji pou ekonomize dlo (sistèm zewo devèsman, sistèm netwoyaj an plas, sistèm filtrasyon pa manbràn) • Mèyè pratik nan zafè fonksyònman ak antretyen (fonksyònman tou (gwo kay won) refwadisman, sistèm vapè, itilizasyon dlo sanitè, edikasyon anplwaye)

**Kesyon?**

[mass.gov/ota](http://mass.gov/ota)

[maota@mass.gov](mailto:maota@mass.gov)

617-626-1060



Enskri pou  
bilten  
nou an